



Orange Township Public Schools

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.
Office of the Superintendent



13 Janvye 2022

Nou Salye Anplwaye, Fanmi ak Siveyan Lekòl Piblik Distri Vil Orange yo,

Kòm nou toujou ap navige nan yon pandemi; anplwaye eksepsyonèl nou yo kontinye travay kole kole ak elèv yo. Anplis de sa, pwofesè yo kontinye travay ansanm ak kòlèg yo pou asire ke senaryo ansèyman yo prezante bay elèv yo diferan, vize, ak entansyonèl. Atravè opòtinite devlopman pwofesyonèl ak kolaborasyon, pwofesè yo prepare pou edike elèv nou yo nan nenpòt senaryo. Mwen panse ke nou ka dakò nan sa, pwogram enstriksyonèl nan Orange lan ekselan.

Jan nou te pataje sa nan dat 21 Desanm 2021 an, Distri a tap pase nan pwogram aprantisaj vityèl pou elèv yo ak anplwaye yo imedyatman aprè sezon konje fèt la ki te kòmanse Lendi 3 Janvye 2022 a pou bese pwopagasyon COVID-19 la. Konsa, mwen vle remèsyе anplwaye nou yo ak fanmi yo ansanm ak elèv yo pou travay di yo fè pandan peryòd aprantisaj vityèl la. Anplwaye nou yo te retounen nan lekòl distri a Lendi 10 Janvye 2022 a pou bay elèv yo ansèyman senkwonik osi byen ke plan pou retounen elèv nou yo Madi 18 Janvye 2022 a

Yon lòt fwa ankò, **ansèyman an pèsòn nan tout distri a pral rekòmanse Madi 18 Janvye 2022** paske Lekòl Piblik Distri Orange lan ap fèmen Lendi 17 Janvye 2022 nan Obsèvans anivèsè nesans Dr Martin Luther King Jr. a.

Tès yo: Li trè rekòmande men li pa obligatwa pou moman sa a pou elèv yo ak anplwaye yo pran yon tès PCR anvan yo retounen nan distri a. Pou moun ki te oblige mete yo nan karantèn akòz kontak dirèk, distri a ta renmen ke yo bay rezulta PCR elèv yo, anplwaye yo anplwaye sipò lè yo retounen, Jan nou te pataje sa nan lèt nou te voye lè peryòd karantèn lan te kòmanse a. Semèn ki sot pase a nan Rosa Parks ak nan Lincoln Tès Sit yo, nou te administre plis pase 500 tès. Mèsi paske w te koute epi asire w ke sekirite se priyorite nimewo en nou..

Tès yo Disponib Aravè Tout Distri a: Gen tès ki disponib nan tout biling lekòl nou yo. Jan nou te pataje sa nan Reyinyon Konsèy Depatman Edikasyon an Madi 11 Janvye 2022 a, tès yo disponib. Li enpòtan pou w konnen sitiayson w jan li gen rapò avèk COVID-19 la. Distri a angaje'l pou travay pou sante ak sekirite tout moun k'ap antre nan pòt nou yo. Sa ki anba la a se lyen pou Depatman enskri pou tès la. Anplwaye yo ak elèv yo elijib pou pran tès la. Orè ki anba a di ki kote tès yo, lè, ak jou y'ap bay tès yo nan tout distri a. Mwen sipliye w pou w pwofite opòtinite sa a: <https://fastcovidtestny.com>

| ORÈ TÈS COVID-19 LA NAN OPS | | |
|-----------------------------------|-------------------|----------------------------------|
| 2021-2022 | | |
| LEKÒL | JOU NAN SEMÈN LAN | LÈ |
| Lekòl Elementè yo | | |
| Central | Mèkredi | 7:45am-9:45am |
| Cleveland St. | Madi | 7:45am-9:45am |
| Forest Street Community School | Lendi | 7:45am-9:45am |
| Heywood Avenue | Madi | 7:45am-9:45am |
| Lincoln Avenue | Madi | 7:45am-9:45am |
| Oakwood Avenue Community School | Mèkredi | 7:45am-9:45am |
| Park Avenue | Madi | 7:45am-9:45am |
| Rosa Parks Community School | Mèkredi | 7:45am-9:45am |
| Lòt Pwogram yo | | |
| John Robert Lewis Early Childhood | Lendi | 7:45am-9:45am |
| Orange Early Childhood Center | Mèkredi | 7:45am-9:45am |
| Scholars Academy | Lendi | 7:45am-9:45am |
| Secondary Schools | | |
| Orange Preparatory Academy | Lendi | M 7:45am-9:45am/T 3:30pm-4:45 pm |

| | | |
|---|-------------|----------------------------------|
| Orange High School | Lendi | M 7:45am-9:45am/T 3:30pm-4:45 pm |
| STEM Academy of the Oranges | Mèkredi | 7:45am-9:45am |
| Pwogram Aswè yo (Twilight) | Madi | 3:30pm - 4:45pm |
| Tès nan Biwo Santral Distri | Jedi | 10:00 AM |
| Tès Ratrapaj pou Tout Sit Lekòl yo | Jedi | 7:45am-9:45am |

Tanpri sonje: Orè tès yo apwoksimatif epi yo pral ajiste yo daprè enskripsiyo yo.

Sentòm COVID-19 yo

- Sentòm yo ka parèt 2-14 jou aprè w fin ekspoze a viris la. Moun ki gen sentòm sa yo ka gen COVID-19 la:

- Lafyèv oswa frison
- Touse
- Souf kout oswa difikilte pou respire
- Fatig
- Doulè nan misk oswa kò
- Tèt fè mal
- Nouvo pèt gou oswa sant
- Gòj fè mal
- Konjesyon oswa nen k'ap koule
- Kè plen oswa vomisman
- Dyare

Nòt Espesval: Tout lekòl yo ekipe ak chanm izolasyon si elèv yo ta vin malad pandan jounen an. Lè yo rele yon paran/gadyen, paran/gadyen an dwe vin chèche timoun lan ki malad la imedyatman. Sa va pèmèt nou diminye pwopagasyon COVID-19 la.

Si pitit ou a oswa nan lòt ka anplwaye yo ka gen sentòm sa yo, li trè rekòmande pou ou teste. Ou ta dwe rete lakay ou epi tann rezulta tès ou a. Yon lòt fwa ankò, nou dwe kenbe sante ak sekirite tout moun k'ap antre nan pòt nou yo.

Ijyèn Men ak Etikèt Respiratwa:

- N'ap kontinye anseye epi ranfòse pwosesis lave men an avèk savon ak dlo pou omwen 20 segonn. Si savon ak dlo pa disponib fasilman, yo ka itilize dezenfektan men ki gen omwen 60% alkòl (pou anplwaye yo ak timoun ki pi gran yo ki kapab itilize dezenfektan men san danje).
- N'ap enfòme elèv yo ak anplwaye yo pou yo kouvri tous ak etènye yo
- Yo ta dwe jete tisi yo itilize nan fatra epi ijyèn men yo jan sa endike anwo a ta dwe fèt imedyatman.
- N'ap kenbe pwovizyon adekwat ki gen ladann savon, dezenfektan pou men ak omwen 60 pousan alkòl (pou anplwaye yo ak timoun ki pi gran ki ka sèvi ak dezenfektan pou men yo an sekirite), sèvyèt papye, tisi, ak poubèl pou yo pa manyen.
- Ijyèn men yo ta dwe fèt: Lè yo rive lekòl la. Anvan ak aprè manje ak ti goute. Aprè w fin ale nan twalèt. Anvan w kite pou jounen an. } Aprè w fin mouche nen w, etènye, oswa touse nan tisi. Lè men yo vizibleman sal. Ede/obsève jenn timoun yo pou asire bonjan lave men yo

Pandan tout ane sa a, imèl reopeningofschools@orange.k12.nj.us te rete entak nan fason pou reponn kesyon ke w ka genyen pandan eksperyans inik sa a. Pandan ke repons imèl yo souvan retounen nan kèk èdtan aprè nan vin voye yo, tanpri pèmèt 24-48 èdtan pou yon repons imel. Li enpòtan anpil pou kenbe anplwaye yo ak fanmi yo enfòme, sitou nan moman sa yo.

Nou sètènman nan sa nou ye ansanm. Mwen gen konfyans ke nou pral kontinye louvri yon santye ki ranpli ak siksè ak akonplisman pandan tout ane lekòl sa a ak pi lwen.

Edikasyonèlman,



Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.
Sipèntandan Lekòl yo